

Ki sa Pwojè swen pou fanmi an ye?

Pwojè Swen pou Fanmian ede asire sekirite ak establite timoun yo, lè li bay sèvis legal pou moun k ap pran swen pitit fanmi yo, paske youn oswa toude paran timoun nan pa disponib. Nou bay sipò travay sosyal tou, ansanm ak enfòmasyon sou resous ak referans pou sèvis kominotè pou ede kliyan ki elijib yo pran swen moun yo renmen.

Kiyès ki kalifye?

Sèvis legal gratis disponib pou moun k ap bay swen ki gen revni ki ba. depi revni yo pa depase 250% nivo povrete federal la. Tanpri kontakte biwo nou an pou mande enfòmasyon sou lòt fason ou ka kalifye pou sèvis nou yo.

Pwojè Swen pou Fanmi Legal Aid Society la posib grasa kontribisyon jenere sa yo:



Pwojè Swen pou Fanmi

561-655-8944ext.195
rcp@legalaidpbc.org

Pou aplike pou asistans legal sou entènèt, vizite:

www.legalaidpbc.org/onlineintake



Èske w ap bay swen pitit minè yon fanmi ou?



Nou ka ede w jwenn resous ou bezwen yo.



423 Fern Street, Suite. 200
West Palm Beach, FL, 33401
561-655-8944
ext.195
www.legalaidpbc.org

PWOKIRASYONGAD

Nou ede fanmi yo vin yon reprezantan gadyen legal (Guardian Advocate) pou moun yo renmen ki gen andikap devlopmantral k ap rive nan laj 18 an. Sa pèmèt yo kontinye bay swen, sipò ak pran desizyon atravè yon pwosesis ki pi senp pase gadyenaj tradisyonèl.

ADOPSYON

Nou bay konsiltasyon pou fanmi k ap konsidere adopsyon epi nou kapab bay reprezantasyon legal nan dosye adopsyon an nan sèten ka.



GADLEGALTANPORÈ

Nou bay asistans legal pou manm fanmi k ap pran swen pitit fanmi yo pou ede yo jwenn yon lòd gad legal tanporè nan Tribinal Fanmi. Sa pèmèt yo bay konsantman pou tout swen medikal ak dantè ki nesesè, enskri timoun nan lekòl, epi jwenn tout dosye ki nesesè pou pran swen timoun nan san yo pa retire dwa paran yo.



**LEGAL AID
SOCIETY**
OF PALM BEACH COUNTY

LÒT SÈVIS

Nou ede fanmi yo prepare dokiman **Prokirasyon Limite** lè y ap pran swen yon pitit fanmi paske yon paran pa disponib, san pa bezwen enplike tribinal.

Dokiman **Gadyen davans** pèmèt manm fanmi an deziyen yon moun pou pran swen timoun nan si manm fanmi an ta mouri. Moun ki deziyen an ap gen ase tan pou depoze yon demann devan tribinal la pou kontinye pran swen timoun minè a.

